


**Swen sante repwodiktif  
pou migran nan  
vil Tapachula, Chiapas**



Chiapas  
♀

The background features a light green to yellow gradient with stylized, semi-transparent leaf patterns in various shades of green and yellow, creating a natural, organic feel.

**Tout Òganizasyon ki kontribye nan elaborasyon dokiman sa gen pou devwa kontribye nan difizyon dokiman an a gran piblik lan. Tout fwa, yo gen pou obligasyon tou rekonèt dwa d'otè nou. Nou raple ke dokiman sa dwe distribye gratis, pyès moun pa gen dwa vann li sou okenn fòm. Mèsi**



Si ou se yon migran, ou twouve ou sou tèritwa meksiken an, ou gen dwa pou ou resevwa swen medikal, menm si ou an tranzit, si ou prezante devan COMAR deja oubyen si ou fenk pral kòmanse pwosesis yo, sa yo pa ka anpeche ou. Atik 8 lwa sou imigrasyon an etabli ke tout migran yo gen dwa pou resevwa swen lasante swa nan prive ou nan piblik kelkeswa sitiyaasyon migratwa ou; si ta gen yon ka dijans, nou gen dwa pou nou resevwa swen la sante gratis sanzokenn restriksyon. Atik 77 bis lwa jeneral sou kesyon la sante etabli ke tout moun ki pa genyen asirans sante gen dwa pou jwenn swen la sante epi resevwa medikaman gratis.

## 1. kisa yon moun ap bezwen pou resevwa swen la sante gratis nan klinik leta yo?

W'ap gen bezwen prezante omwens yonn nan dokiman sa yo:



- Yon idantifikasyon ofisyèl peyi kote ou soti an, li ka paspò oubyen nenpòt kat didantite
- Batistè, si li legalize li pi bon toujou.
- Yon resi ou byen yon fich migrasyon : fòm migratwa ki pa ekspire, kat rezidans, demand regularizasyon (NUT), CUR, demand pou yo rekonèt ou kòm refije nan COMAR.
- Sou nenpòt ki pretèks okenn ajan la sante pa ka kenbe dokiman idantifikasyon ou, lè y'ap fè egzamen medikal pou ou.

**si ou pa gen mwayen pou ou idantifye ou :**

Ale nan depatman sèvis sosyal klinik oubyen lopital ki pi pre ou an pou mande enfòmasyon.

## 2. ¿Ki sa pou yon moun fè pou l'ka jwenn swen la sante si li se imigran?

- Premyeman se pou ou ale nan yon konsiltasyon nan klinik **ki pi pre ou an**. Premye pa yo, se premye kontak ou pral fè avèk sistèm sante an. sistèm sante an fòm pa yon ansanm rezo inite medikal ki se klinik anbilan ki bay konsiltasyon medikal .




- **Si ajan la sante ki konsilte'w lan jije ke ou bezwen entènè oubyen ou bezwen plis atansyon espesyalize, l'ap refere ou a **Lopital Jeneral Tapachula** oubyen yon lòt kote.** Se nan lopital sa yo resevwa majorite ka ki bezwen entènè ke se swa pou akouchman oubyen ijans.
- Si lè'w rive nan lopital lan, analiz yo ta montre ke ka ou an bezwen yon **atansyon espesyalize tankou «Hospital Regional**

**de Alta Especialidad**” oubyen tou refere ou a yon twazyèm nivo atansyon. Nivo sa gen ladan Enstiti Sante Nasyonal yo ki gen plis enfrastrikti ki plis espesyalize nan pi wo nivo ak pèsònèl ki gen plis kapasite pou bay swen la sante nan ka ki plis konplike yo.

- Se pèsònèl medikal lan ki abilite pou bay referans pou ou pase nan faz swen twazyèm nivo an, sa pral depann de eta sante ou ak pèsònèl la sante ak materyèl ki disponib pou sa. Si ka ou an ta egzije pou yo transfere ou nan yon lòt vil, li posib pou yo mande ou ti kat imigrasyon baw la (Instituto Nacional migración INM) oubyen otorizasyon COMAR ki pèmèt ou deplase, si tout fwa ou gen pwosesis ki an kou avèk yo.



Li bon tou pou nou fè ti rapèl sa pou ou, **swen gratis lan yo bay li sèlman nan 2 premye nivo yo**, paske lopital espesyalizasyon yo oubyen swen twazyèm nivo yo pa gratis ni pou meksiken ni pou etranje. **Si ka pa'w la ta egzije sa, w'ap gen pou ou kontakte depatman travay sosyal ki la pou sa nan lopital la**, lè sa y'ap di'w ki kantite kòb ou dwe peye oubyen si y'ap egzante ou li.



### 3. kisa pou'm fè si mwenn gen yon ka dijans?

Ni Lwa Jeneral sou sante tankou Lwa sou Imigrasyon, yo tou lè 2 garanti swen la sante pou ijans, nan sans sa si ou ta gen ijans ki egzije ou ale lopital, ou ka ale nan nenpòt lopital ki pi pre ou pou resevwa swen la sante.



## 4. Ki kote nan vil Tapachula mwen ka resevwa swen medikal si'm s'on imigran?

### **Sant Sante Iben Tapachula**

(Centro de Salud Urbano Tapachula)

SWEN SANTE BAZIK AK MEDSIN FAMILYAL

8<sup>a</sup> Norte, ant 19 ak 21 Oriente,

col. 5 de Febrero

**Tel.:** 962 626 5294

**Orè::** 8:00 a 20:00 tè

**Orè pou bay fich:** 7:00 tè a 9:00

// 14 :00 zè a 16 :00 zè

### **Kwa Wouj Meksikèn** (Cruz Roja Mexicana)

SWEN MEDIKAL BAZIK

9<sup>a</sup> Norte, esquina con 1<sup>a</sup> Oriente,

col. Centro

**Tel.:** 962 626 1949

**Li ouvè 24 sou 24.**

### **Sant Sante Santa Clara**

(Centro de Salud Santa Clara)

SWEN SANTE BAZIK AK FAMILYAL

Prolongación Duraznos s/n,

col. Laureles, Santa Clara

**Tel.:** 962 642 6087

**Orè:** 8:00 a 20:00 nè

**Orè pou bay fich :** 7 :00 tè a 8 :00 tè //

midi pou 1 :00 nè.

### **Sant Sante Indeco** (Centro de Salud de Indeco)

SWEN SANTE BAZIK AK FAMILYAL

Calle Juan Aldama núm. 6, col. Indeco

**Tel.:** 962 642 4214

**Orè:** 7:00 tè a 20:00 tè 30

### **Sant Sante Klinik Villa de las Flores**

(Centro de Salud Clínica de las Flores)

SWEN SANTE BASIK AK MEDSIN

FAMILYAL

Calle Jacarandas s/n, entre Jazmín

y privada de Gladiolas,

col. Villa de las Flores

**Orè:** 7:00 a 1:00 nè 30.

### **Sant Sante Iben Raymundo Enriquez**

SWEN SANTE BASIK AK MEDSIN

FAMILYAL

Calle Los Pinos manzana 4 s/n, entre

avenida Central Oriente y Ejido

Raymundo Enríquez

**Orè:** 8:00 tè pou 14 zè

**Orè pou bay fich:** 7:00 tè pou

8 :00 tè am.

**Sant Sante anbilan pou Prevansyon ak swen maladi SIDA ak Enfeksyon moun pran nan fè Bagay (CAPASITS)**

SWEN SANTE POU SIDA AK ENFEKSYON

MOUN PRAN NAN FÈ BAGAY

(ITS) ORYANTASYON JENERAL AK

ENFÒMASYON PREVANTIV

Prolongación Boulevard Akishino,

esquina Vicente Guerrero s/n,

col. La Antorcha, Etapa 6

**Tel.:** 962 628 4076

**Orè:** lendi jiska vandredi 8:00 pou rive

21 :nè 30

### **Sant Sante Nuevo Milenio**

(Centro de Salud Nuevo Milenio)

SWEN SANTE BAZIK AK FAMILYAL

Calle Obrera s/n, entre calle San Isidro

y 6 de Marzo, col. Nuevo Milenio

**Orè:** 8:00 tè pou 20:00 tè

### **Lopital Jeneral Tapachula “Doktè Manuel Velasco Suárez”**

SWEN SANTE BAZIK. MEDSIN ENTÈN,

CHIRIJI (OPERASYON) JENERAL,

PEDYATRI, JINEKOBSTETRIK AK

ANESTEZYOLOJI.

Carretera a Puerto Madero s/n, col.

Feliciano Renauld

**Tel.:** 962 698 7400

**Sèvis ijans lan fonksyone 24 sou 24.**

**Ki òganizasyon nan sosyete sivil la ki ofri sèvis sa yo tankou bay konsèy, kanalize moun, oubyen ki akonpanye moun pou ka ede yo jwenn sevis sante piblik yo?**

Gen kèk òganizasyon nan sosyete sivil la ki ofri sèvis sa yo nan Tapachula, tankou konsèy ak kanalize moun kote sevis la sante yo, anpil ladan yo tou gen profesyonèl la Sante pa yo tankou (Doktè, enfimiyè ak psikològ) yo menm tou yo ka ofri sèvis sa yo direkteman.

**Medsen dimonn (Médicos del Mundo MDM)**

JESYON ENTEGRAL LA SANTE AK AKONPAYMAN POU MOUN KI TE VIKTIM VYOLANS SEKSYÈL AK VYOLANS KI FÈT SOU FANM.

5<sup>a</sup> Oriente núm. 30, entre 3<sup>a</sup> y 5<sup>a</sup> Norte, col. Los Naranjos

**Tel.:** 962 269 8798

**Orè:** Lendi jiska Vandredi 9:00 vè pou.

**Global Response Management (GRM)**

PREMYE SWEN SANTE GRATIS POU IMIGRAN, MOUN KI FÈ DEMANN KONDISYON REFIJE

Avenida Central Sur s/n, esquina 16<sup>a</sup> calle Oriente, col. 16 de septiembre.

Nan ansyen enstalasyon estasyon

fewovyè CEDECO

**Tel.:** 962 215 4064

**Horario:** lendi jiska vandredi 9:00 vè a 14:00 zè

**Una Mano Amiga en la Lucha Contra el Sida (UMALCS)**

TÈS RAPID POU DETEKTE VIH AK SIFILIS. ORYANTASYON PSIKOLOJIK AK AKONPAYMAN POU RIVE JWENN SWEN LA SANTE POU MOUN KI GEN VIHOUBYEN ENFEKSYON KE MOUN KA PRAN NAN FÈ BAGAY. KONSÈY SANTE AK EDIKASYON SEKSYÈL.

Central Norte núm. 168 altos, planta alta, entre 23<sup>a</sup> y 25<sup>a</sup> Poniente, col. 5 de febrero

**Tel.:** 962 626 7896 y 962 240 0025

**Centro de Derechos Humanos Fray Matías de Córdova A.C.**

AKONPAYMAN PSIKOJIRIDIK POU IMIGRAN, MOUN KI FÈ DEMANN KONDISYON REFIJE

4<sup>a</sup> avenida Sur núm. 6, col. Centro

**Tel.:** 962 642 5098

**Orè:** lendi a vandredi 9:00 vè a 14:00 zè.

**Servicio Jesuita a Refugiados A.C.**

AKONPAYMAN PSIKOJIRIDIK POU IMIGRAN, MOUN KI FÈ DEMANN POU KONDISYON REFIJE

3<sup>a</sup> avenida Norte núm. 5, entre Central Oriente y 1<sup>a</sup> calle Oriente, col. Centro

**Tel.:** 962 196 3717 y 962 625 6961

**Orè:** lendi a vandredi 9:00 vè a 14:00 zè.

## Swen sante repwodiktif. Kesyon ak repons ke moun souvan bezwen konnen.

Sante repwodiktif la se kapasite chak moun genyen pou pran bon jan desizyon eklere, lib, responsab sou sa ki gen pou wè ak fè pitit.

### Kisa ki dwa repwodiktif yo?

Dwa repwodiktif yo, **se dwa zimen ki pwoteje libète epi chwa yo nan yon fason ki responsab, san ke pa gen pyès moun ki oblije ou oubyen ba'w presyon**, epi genyen menm posibilite ak tout lòt moun, sitou nan sa ki gen pou wè ak kò ou ak sante repwodiktif ou. Pou rezon sa yo, ou gen tout dwa nou pral site la yo:



- **Resevwa enfòmasyon ki klè epi ki adekwat** sou metòd antikonseptiv yo, kòman pou prevni maladi ki ka transmèt nan fè bagay ak tout lòt pwosedi medikal ke ou ta va gen pou ou fè nan yon sèvis sante piblik kou prive.



- **Gen aksè ak lokal yo, byen ak sevis la sante yo**
- **Deside si ou vle ansent ou non epi nan ki moman ou vle sa.**
- **Resevwa bon jan swen de kalite pandan gwosès la, lè ou akouche ak peryòd ou nouris la.**

**Enstitisyon sante piblik yo gen obligasyon pou yo genyen byen ak sèvis epi lokal ki penmèt tout moun jwi dwa repwodiktif yo.** Konsa tou gen lòt altènativ tankou lòt pwofesyonèl ofri nan zafè akouchman oubyen tou ou ka decide ale kote moun ki itilize







metòd akouchman tradisyonèl yo (fanm chay). **Ou lib pou ou ale swa nan enstitisyon sante piblik yo, oubyen ale kote yon pwofesyonèl** nan akouchman oubyen nenpòt fanm chay tradisyonèl, konsa tou ou ka deside pou tou lè 2 opsyon yo, son bagay ki depann de ou, sitou lè ou dwe pran desizyon ki gen pou wè ak kò ou, sante ou, oubyen desizyon k'ap bon swa pou pitit fi ou oubyen pitit gason ou.

---

## SI OU SON IMIGRAN, OU GEN DWA POU OU RESEVWA TOUT SÈVIS SA YO SOU SANTE REPWODIKTIF OU.

---

### **Ki sa ou dwe fè si ou ta viktim vyolans seksyèl?**

Lwa Jeneral pou moun ki viktim ak NIM -046-SSA2-2005. *Vyolans familyal ak seksyèl ki fèt sou fanm yo. Kritè pou prevansyon ak swen* ki etabli pou garanti aksè pou avòtman, san ke yo pa egzije plis bagay ke yon deklarasyon kote moun lan jire pou'l di la verite epi manifeste ke gwosès la se rezilta yon kadejak. Se devwa pèsònèl la sante an tou pou li ofri ou prese prese yon antikonseptif dijans nan yon delè ki pa plis ke 120 tè aprè zak kadejak lan.



## S'i'm pa vle tonbe ansent, kisa mwen ka fè?



♦ **Ou ka ale nan yon sant ki bay swen premye nivo pou ou solisite konsèy sou antikonseptif.** W'ap jwenn pwofesyonèl ki ka ede ou pran desizyon ki eklere sou sa ki gen pou wè ak la sante seksyèl ak repwodiksyon ou. Pwosesis konsèy la dwe rezoud tout dout ou ta genyen sou kòman ou ka itilize metòd antikonseptif nan tout sekirite yon fason ki efikas epi penmèt ou fè prevansyon tou kont maladi moun ka pran nan fè bagay. Menm si ou poko grandèt majè, sa vle di ou gen mwens ke 18 tan, ou gen dwa pou ou solisite enfòmasyon kote pwofesyonèl la sante yo. An plis de sa, ou ka deside si ou vle resevwa enfòmasyon sa yo pou kont ou, oubyen si ou vle yon grandèt akonpanye ou, tankou papa'w, manman'w, yon titè, oubyen moun ki gen responsablite jiridik ou.

♦ **Yo dwe ba ou yon enfòmasyon ki konplè sou metòd antikonseptif yo, tankou avantaj yo ak efè segondè yo.** Pwofesyonèl la sante yo **dwe respekte tout desizyon ou pran, sou okenn pretèks yo pa** ka ba'w presyon pou fòse ou aksepte yon metòd antikonseptif.

♦ **Nan ka ou ta chwazi yon metòd antikonseptif pèmanan tankou** (oclusion tubaria bilateral ou la vasectomia) **desizyon sa dwe anrejistre ak siyati ou nan yon fòmilè kote ou bay konsantman ou.** Men anvan sa pèsonèl sante an gen obligasyon pou li ba ou tout enfòmasyon ki konplè nan bon ti mamit, sitou eksplike ou avantaj ak risk ke chak metòd genyen. Ou dwe konnen tou, ke ou ka toujou chanje opinyon apre si e sèlman si ou pot ko fè operasyon an.

♦ **Pwofesyonèl k'ap ba'w enfòmasyon yo, dwe fè sa nan meyè fason posib, epi tou li dwe evite entèveni lè ke ou ap pran desizyon an.** Pwofesyonèl la sante an dwe ba'w tout sèvis sa yo nan yon espas prive, ki lib de tout entèferans epi nan tout konfidansyalite. Si ou pa pale espagnol ou gen dwa pou ou mande tradiksyon oubyen entèpretasyon.

### **Kisa ki yon konsantman eklere nan sa ki gen pou wè ak metòd antikonseptif yo?**

Konsantman eklere an se lè pasyan an aksepte yon fason ki volontè pou li itilize yon metòd antikonseptif.

Avan ke ou bay mo ou sou konsantman sa, pwofesyonèl la sante yo dwe pran tan li pou li byen eksplike ou tout sa ki gen rapò ak sa ou pral fè an. Li pa dwe fè sa nan kouri, li dwe rezève tan pou li ka reponn kesyon ou oubyen rezoud dout ke ou ta genyen menm aprè ou ta fin siyen. Nan sans sa pou ke konsantman ou bay la ka konsidere kòm yon dokiman valid epi byen enfòmè, sa dwe fèt avan, nan yon manyè ki lib epi volontè aprè ke ou fin resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè sou tout metòd antikonseptif ki disponib yo. Yo dwe pale nou sou risk ke yo genyen, benefis ke yo bay, epi efikasite chak ladan yo, san ke yo pa fè objè diskriminasyon, menas oubyen presyon. Si ou pa pale espanyòl ou gen dwa mande sèvis tra-

diksyon ou entèpretasyon pou ke ou ka konprann trè trè byen tout enfòmasyon ke yo pataje avèk ou.

♦ **Pou ke konsantman ou bay la kapab konsidere kòm valid, l'ap bezwen tout sa nou pral site la yo :**

- ♦ **Avan :** lè sa gen pou wè ak aplikasyon yon metòd antikonseptif swa pèmanan oubyen definitif, li endispansab pou ou pran swa yonn oubyen plizyè sesyon konsèy avan menm ke ou bay konsantman ou.
- ♦ **Lib :** ou dwe bay konsantman ou yon manyè ki lib, volontè, otonòm, san okenn tip de presyon, san ke yo pa itilize li kòm kondisyon pou ou jwenn lòt sèvis, li pa dwe fòse epi pa dwe gen menas oubyen pou yo ta ba ou movèz enfòmasyon
- ♦ **Konplè epi byen enfòmè :** pou ke li konsidere kòm konplè epi byen enfòmè, fòk sa fèt imedyatman aprè pasyan fin resevwa yon enfòmasyon ki klè, ki konplè ke pasyan ka gen aksè ak li epi li konprann trè trè byen.

**Si gen yonn nan eleman nou site la yo ki manke, konsantman ke pasyan ap bay lan pa valid, menm lè sa ta fèt pa ekri, nan sans sa, y'ap konsidere li kòm yon esterilizasyon non konsanti.**

## E si mwen ta vle tonbe ansent?


Si ou decide tonbe ansent, li enpotan pou ou ale nan yon sant medikal premye nivo pou ou ka resevwa bon jan konsèy medikal. Li enpòtan pou ou ale avan gwosès la pou w ka evalye si gen sityasyon de risk pou w fè pitit epi etabli kèk mezi prevansyon, yon fason ke ou ka asire ou ke ou ranpli tout kondisyon yo pandan peryòd gwosès la. Pami tout sa yo ka preskri w yo, y'ap preskri ou vitamin ak asid folik pou ke ou ka bwè yo tout pandan peryòd w'ap pote bebe an.

## Si mwen ansent men mwen nan yon sant detansyon migrasyon, èske mwen ka resevwa swen medikal?

**Si ou ansent epi ou nan detansyon nan yon estasyon migratwa, ou gen dwa pou ou fè swivi prenatal (avan bebe an fèt).** Generalman, estasyon migratwa yo pa gen sèvis espesyalizasyon jinekobstretrik, nan ka sa pwofesyonèl medikal INM lan dwe kanalize w nan yon lopital pou ou ka fè swivi medikal yo pandan tan ou gen pou ou fè nan sant detansyon an.

**Si gwosès la pa gen gwo risk,** swivi atansyon medikal yo ap fèt sèlman nan premye nivo pou konsiltasyon prenatal yo.

**Si gwosès ou an s'on gwosès a risk,** pwofesyonèl la sante nan premye nivo an, ap konsidere s'il nesèsè pou li refere ou



swa a dezyèm oubyen twazyèm nivo pou swivi gwosès la. Rezon sila yo, se rezon ki ka fè Doktè a refere w a yonn nan nivo sa yo:

- Si w genyen ant 10 ak 19 zan oubyen plis ke 35 kan.
- Si w gen plis ke 42 semèn
- Si w fè maladi tankou sik, ensifzans renal, loupous eritemate, epatitis B ou C oubyen RH negatif.
- Si w'ap viv avèk VIH oubyen sifilis.
- Si w fè dyabèt jestasyon.
- Si gwosès la revele ke w'ap fè marasa.
- Oubyen si ta gon pwoblèm movèz fòmasyon



## **Kisa vyolans obstetrik lan ye**

Vyolans obstetrik lan se yon vyolasyon a dwa zimen . vyolans obstetrik lan se nenpòt ki aksyon ou neglijan ke pwofesyonèl Sistèm sante Nasyon la (Ke'l prive ke'l piblik) ki koze yon domaj fizik ou psikolojik pandan yon gwosès, yon akouchman oubyen aprè yon akouchman. Pa egzanp: **si yo pa resevwa ou, si yo refize ba'w yon sèvis, si yo pale avèw mal oubyen nenpòt ki lòt agresyon, yo pa eksplike ou pwosedi yo epi san konsantman ou, yo pa ba ou swen lè ou di ou santi yon doulè, oubyen yo ba'w pil medikaman san yo pa mande'w opinyon ou.**

**Lòt fòm vyolans obstetrik lan genyen se yon seri de pratik envazif, ki ka kòmanse depi nan jan yo raze devan'w jiska yon sezaryèn san bon jan rezon pou sa, preskri'w medikaman pou avanse pwosesis natirèl kò ou nan moman akouchman an , jan yo obsève ou, si yo ensilte'w, si yo manipile enfòmasyon y'ap ba'w yo, mank de respè a privasite ou, oubyen nenpòt ki fòm de presyon pou fè'w siyen oubyen bay konsantman ou, an plis de tout lòt tretman diskriminatwa pou imilye ou. Tout fòm vyolans sa yo ka parèt san sans nan je'w oubyen yo ka fè yo trè sibtil, ou ka menm panse ke yo nòmal, men malgre tou se vyolasyon dwa zimen yo ye e yo ka koze lanmò, de tout fason yo ta dwe evite yo.**

## Yon nòm ki etabli kòman ou dwe resevwa swen medikal lan nan faz sa



NOM 007-SSA2-2016 (NOM 007) etabli pwotokòl sou kòman fanm yo dwe resevwa swen medikal lè yo nan etap avan gwosès, etap gwòsès, akouchman epi aprè akouchman, nan lide pou garanti meyè swen de kalite epi redwi kantite mòtalite matènèl ak newo-natal (timoun ki fenk fèt). Nòm sa dekri tout pa yo ke yon moun dwe swiv pou swen prenatal yo epi ki fason moun sa dwe reponn a ijans ki gen pou wè ak gwosès a risk yo ki ka mete la vi fanm ansent lan an danje. Prensipal

objetif NÒM sa se pèmèt ke tout fanm nan tout peyi an resevwa menm kalite swen epi evite yon seri de pratik ki mete an danje pwosesis gwosès lan oubyen pwosesis ki pa reponn a estanda kalite wòtpòt.

Pi devan nou pral detaye pou ou a ki tip de swen ke ou gen dwa nan chak etap yo.

## A ki sa ou dwe atann ou nan premye konsiltasyon an lè ou ansent?



Pwofesyonèl sante an dwe :

- **Elabore epi anrejistre dosye'w.** Ladan y'ap enkli tout antesedan medikal ou, tankou eta sante ou an jeneral, kondisyon ereditè fanmi ou, maladi kwonik oubyen lòt maladi ke ou ta genyen nan moman konsiltasyon an. Y'ap mete nan dosye'w tou konbyen fwa ou te ansent deja. **Enfòmasyon ke ou bay, pa dwe sèvi kòm motif pou yo ta refize ba ou sèvis oubyen lòt sèvis nan tan fiti.**
- **Fè analiz san** ak pipi pou ou, sonografi pou konnen ki jan gwosès lan ak eta sante ou ye. A pati denye lè ou te gen règ ou mete ansanm ak tout egzamen ou te fè yo, y'ap kalkile konbyen



tan ou genyen depi ou ansent epi nan ki dat ou ka akouche.

- ♦ **Detekte si gen faktè de risk pou gwosès lan.**
- ♦ Pran **vaksen kont tetanòs.**
- ♦ Pran **asid folik, vitamin, fè ak kalsyòm.**
- ♦ **Poze'w kesyon sou sante emosyonèl,** si ou kwè ke li nesèsè ou ka toujou mande enfòmasyonn sou sèvis yo.
- ♦ **Tcheke tout aspè fizik** ou epi ekri tout enfòmasyon ou nan dosye ou.

---

♦ Nan tout konsiltasyon prenatal yo pwofesyonèl lasante yo dwe ba'w enfòmasyon ki klè epi ki vrè ki baze sou evidans syantifik sou diferan aspè la sante pandan gwosès la, yonn nan fason pou ou ka konnen faktè ak sentom ki risk ki ta egzije ou kouri chache swen medikal prese prese.

---

♦ Pandan konsiltasyon prenatal yo ou dwe santi ou alèz pou ou poze kesyon sou tout dout ke ou ta genyen.

---

♦ Kontwòl prenatal lan dwe fèt nan lang matènal ou e yo dwe respekte kwayans ou ak koutim lakay ou.

---

## Kisa ou ka atann de konsiltasyon aprè yo?



Pwofesyonèl la sante yo dwe:

- **Tande epi reponn tout kesyon ke ou genyen,** an menm tan tou bay enpòtans ak tout sentom ou ta santi.
- **Poze'w kesyon epi tcheke tout siy vital yo,** yon fason pou detekte nenpòt ki sentom ki ka koze risk pou kesyon akouchman.
- **Mezire vant ou,** pran pwa ak tamperati kò ou, frekans kadyak ou, tcheke respirasyon ou elatriye. Yo dwe tcheke tou batman kè bebe an. **Nan sèten ka w'ap gen pou ou fè sonografi.**
- **Revize rezilta egzamen** yo pandan premye konsiltasyon yo,

si g'on bagay ki pa nòmal, yo dwe voye'w wè yon espesyalis rapid vit.

- **Se pou yo ba ou enfòmasyon konplè** sou tout rezilta ki mande yon entèvansyon imedyà.
- **Fè yon plan de sekirite** pou lè w'ap akouche ou byen tout fwa ta gen yon ijans ki prezante. Nan plan sa fòk ou idantifye ki kote w'ap akouche, ki mwayen transpò w'ap itilize epi kiyès moun k'ap akonpanye ou epi tou espesifye byen klèman ki sa ki dwe fèt si ta gen yon ijans kèlkonk.



## PLAN SEKIRITE AKOUCHMAN OU IJANS

Ki kote?

LOPITAL JENERAL  
TAPACHULA

transpò  
TAKSI

akompanyatè  
ILARIA LÓPEZ

## Tout ijans obstetrik dwe jwenn atansyon san pèdi tan

- Se yon obligasyon pou sèvis sante yo bay swen rapid a tout ijans obstetrik ki ta prezante ki mete vi ou an danje, ijans sa yo kapab: emoraji, tansyon wo pandan gwosès lan, menas pou ou ta akouche avan lè'w, konplikasyon grav ki pwovoke enfeksyon(sepsis), oubyen lòt maladi ki grav. Obligasyon sa yo pa fèt sèlman a enstitisyon piblik yo, yo la tou pou enstitisyon prive yo, ke'w depann de lòt moun ou pa, ke'w te swiv kay doktè ou non pandan peryòd gwosès lan, oubyen swiv kay yon fanm chay oubyen kay yon doktè.
- Fon fwa ke pwofesyonèl la sante yo fin detmine ke vi ou pa an danje, si se nesèsè yo dwe refere ou a yon sevis espesyalize epi ki gen ekipman espesyalize pou sa.

## Kòman swen pou akouchman yo dwe ye.



- Yon fwa ke ou antre nan lopital la oubyen nan klinik lan kote w'ap gen pou ou akouche an, **lè sa y'ap ouvri yon lot dosye pou ou k'ap genyen tout enfòmasyon ki gen pou wè ak eta sante ou ak gwosès lan.**
- **Y'ap mete'w nan yon espas ki konfòtab sou obsèvasyon** yon jan pou ou ka gen kontraksyon ki nesèsè pou ka pèmèt dilatasyon pou akouch-



man an. Si pa gen ankenn kontrent medikal, pwofesyonèl la sante yo **dwe favorize travay akouchman san medikaman.**


- **Pwofesyonèl la sante yo ka akselere pwosesis akouchman** yo si li konsidere sa nesèsè. **Doktè an ka fè sa sèlman aprè yon revizyon pèsonalize, eksplike ou sa ki pase epi pran konsantman ou.**



- **Si se nesèsè pou ou fè sezaryèn, doktè an dwe eksplike ou paza-pa epi byen klè kisa ki pase** epi pran konsantman ou avan ke li fè sezaryèn lan. Pwofesyonèl la sante an ap gen pou li anrejistre nan dosye ou tout enfòmasyon ki fè ke se sezaryèn li oblije fè'w ak non tout lòt pwofesyonèl ki akonpanye li nan pwosesis lan.



- **Pandan tout pwosis lan, pwofesyonèl la sante an dwe pote atansyon soutni a sekirite emosyonèl ak byenèt ou.**
- **Pyès moun nan sèvis la sante an pa ka refize ou yon sèvis oubyen ofanse ou pou yon bagay ou ta bezwen.** Tankou pa egzanp pandan moman akouchman pèmèt ou bwè dlo oubyen fè ti mache.



- Si li nesesè yo ka toujou ba **ou medikaman swa pou retire doule oubyen evite doule.** Pou sa fèt, pwofesyonèl la sante an dwe pran konsantman ou epi eksplike pou kisa l'ap ba ou medikaman sa epi di'w ki medikaman li ye.
- Gen kwayans ki fè kwè ke lè fi an raze devan'l sa pèmèt akouchman an fèt avèk fasilite, men pa gen ankenn prèv syantifik ki pwouve sa. Donk si Doktè an konsidere ke li enpòtan



- **Se menm jan tou gen moun ki kwè ke avan yo akouche se pou yo lave devan yo oubyen al nan twalèt avan yo akouche.** Se pa yon bagay non plis ou ka fè nan tout ka. Si li nesesè fòk yo di ou sa epi ba ou pou ki rezon. Sa ki plis pwobab, sè ke yo ka mande ou pou ou pa manje epi ke ou manje yon seri de manje avan akouchman an.



- Moun ki responsab akouchman ap fè tès vajinal pou ou pou wè si li atenn faz dilatasyon ki nesèse pou akouchman an, **men tou li dwe avize'w ke l'ap fè sa epi anrejistre tout tès sa yo nan dosye ou.**



- Pèsonèl medikal ki responsab akouchman ap analize ka a pou li wè si li nesèsè pou li fann basen vant ou yon fason pou li fasilite akouchman. Pwosis sa rele **epizotomi, li pa yon senp egzèsis.** Si sa nesèsè yo dwe avize ou epi mande ou konsantman ou sou sa avan ke yo fè'l.
- **Tout medikaman yo ba'w ak enstriksyon kòman pou ou pran yo dwe anrejistre nan dosye** ou ansanm ak tout lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak akouchman an.



- **Yo dwe anrejistre epi entèprete tout siy vital yo chak dezèdtan.**



- **Pyès moun pa gen dwa peze vant** ou pou fòse akouchman an fèt (manèv Kristeller), paske son manèv ki danje ni pou ou ni pou bebe an.



- Li enpòtan pou **yo penmèt ke yon moun akonpanye ou, yon moun ke ou gen konfyans nan li**, li ka yon fanmi, li ka yon pwofesyonèl la sante, konsa tou li ka yon fanm chay.



- Aprè akouchman an, **fòk plasenn ta soti**, si li lè fin soti, yo ta remake ke **ta rete rès plasenn ta ki pa fin soti**, y'ap gen pou yo fè yon revizyon ki ka fèt swa a la men oubyen ak ekipman medikal. Sèlman pwofesyonèl medikal ki kalifye pou sa kapab reyalize pwosesis sa yon manyè pou evite enfeksyon. **Yo dwe ekplike'w li avan yo fè'l epi ou menm ou otorize li.**

## Ki swen mwen dwe resevwa lè'm fin akouche?



- E Si tout fwa yo te fè **epizotemi an pou ou, imedyatman 1 nèdtan aprè akouchman yo dwe gade pou wè si pwosesis pansman an te byen fèt.**
- **Pandan premye èdtan, yo dwe tcheke li chak 15 minit. Après sa chak chak 30 minit.** Jiskaske 2 premye èdtan yo ekoule. Après sa ant 4 a 8 èdtan tou depan de jan sitiasyon an evolye, jiskaske yo ba'w egzeyat.
- **Lè bebe an fin fèt si eta sante pa'w ak pa bebe an penmèt sa ou ka kòmanse bay bebe tete imadyatman après li fin fèt** (apwoksativman 30 minit après)
- Si eta sante ou penmèt sa, **ou ka leve fè ti mache, bwè ti dlo epi, ou ka manje nòmalman nan premye 8 èdtan yo après akouchman an.**




- **Après 2 semenn ou fin akouche an ou dwe tounen nan konsiltasyon pou revizyon, epi tounen a yon lòt konsiltasyon 40 jou aprè avèk bebe an.**
- **Pandan tout peryòd gwosès lan epi aprè akouchman, li nòmal pou ou santi kèk emosyon ki biza, li enpòtan pou rekonèt yo, ou ka menm rive santi depresyon ak anksyete.** Si ou jije ke se nesesè ou ka mande èd psikolojik.

## Kisa lanmò perinatal lan ye epi kisa M'dwe fè si bebe an ta mouri?

Lanmò perinatal lan, se lanmò ki fèt soti nan 22 zyèm semèn gwosès lan (5 mwa edmi) pou rive jis ka 7 premye jou aprè timoun lan fin fèt lan (tout lanmò ki fèt nan peryòd sa, yo rele yo perinatal). Nenpòt yonn nan ka sa yo, **pwofesyonèl la sante anchaj la dwe bay yon akt desè imedyatman aprè.** Moun ki akonpanye ou an dwe ale nan depatman travay sosyal lopital oubyen klinik kote ou ye an pou solisite akt desè an. **Pou sa fèt li pa nesesè pou gen temwen, paske selon sa la lwa di akt desè pou timoun nan laj sa yo pa ka kondisyonè sou ankenn fòm.**

Avèk akt desè an, moun ki akonpanye ou an ap ka mete pitit lan nan mòg lopital lan epi fè demach pou sèvis fineray yo. **Si ou pa ta gen kòb frè fineray yo, w'ap gen pou ou ale avèk akt desè an nan depatman travay sosyal lopital oubyen nan meri vil kote ou ye an pou ou ka mande èd pou fineray yo pou moun ki pa gen gran mwayen.**





## Kisa mwen ka fè si mwen viktim vyolans obstetrik?

Migran yo gen anpil kote yo ka ale si yo ta viktim vyolans obstetrik.

Òganizasyon sa yo nou pral site la yo lokalize yo nan vil Tapachula e yo bay konsèy a fanm migran ki soufri vyolans obstrik.

### **Médicos del Mundo (MDM)**

**MEDSEN DIMONN**

5<sup>a</sup> Oriente núm. 30, entre 3<sup>a</sup>  
y 5<sup>a</sup> Norte, col. Los Naranjos  
**Tel.:** 962 269 8798

**Orè:** de lendi jiska vandredi  
De 9 vè jiska 6 zè diswa.

### **Centro de Derechos Humanos Fray Matías de Córdoba A.C.**

**(SANT DWA ZIMEN FRAY  
MATIAS)**

4<sup>a</sup> avenida Sur núm. 6,  
col. Centro  
**Tel.:** 962 642 5098

**Orè:** Lendi jiska vandredi  
9:00-14:00 zè

### **Servicio Jesuita a Refugiados A.C.**

**(SÈVIS JEZWIT POU REFIJE YO)**

3<sup>a</sup> avenida Norte núm. 5,  
entre Central Oriente y 1<sup>a</sup>  
calle Oriente, col. Centro  
**Tel.:** 962 196 3717 y  
962 625 6961

**Horario:** lendi jiska  
vandredi 9:00- 14:00 zè.

U ka pote plent nan menm lopital kote yo te ba ou swen an, nan bwat ki make BUZÓN DE QUEJA. Konsa tou ou ka pote plent nan:

- **Komisyon Etatik Konsilyasyon ak Abitaj Medikal Leta Tchyapas**, si se nan youn lopital local ou te ale
- **Komisyon Nasyonal Abitraj Medikal**, si lopital kote ou te swiv lan federal
- **Komisyon Etatik Dwa Zimen nan Tchiapas** nan biwo vizit Jeneral ki espesyalize nan zafè ki konsène Migran nan Tapachula
- **Komisyon Nasyonal Dwa Moun (CNDH an espanyòl)** si lopital kote ou te pran swen an se Federal tankou IMSS oubyen ISSSTE

Nan **CNDH** lan, ou ka ale an pèsòn, konsa tou ou ka pote plent lan sou intènèt oubyen nan adrès sa yo :

***atencionciudadana.cndh.org.mx***

15<sup>a</sup> Oriente núm. 20, entre 3<sup>a</sup> y 5<sup>a</sup> avenida Norte,  
col. Centro.

**Tel.:** 962 620 1466

**Orè:** lendi jiska vandredi soti 9:00 vè pou rive 14:30 epi  
de 17:00 tè jiska 19:00 vè.



- Konsa tou ou ka pote plent devan **Komisyon Etatik Dwa Moun nan Tchyapas nan Vizit Jeneral Espesyalize pou Migran nan Chyapas** ki twouve li nan adrès sila :

2da Calle Poniente ant 2da ak 4ta Sur col. Centro, Kòd Postal 30700, Tapachula, Tchyapas.

**Tel :** 962 626 10 41 ak 962 626 6849

**Orè :** soti lendi pou rive vandredi de 8 :30 jiska 4trè nan lapre midi.

**Imel :** [migrantes@cedhchiapas.org](mailto:migrantes@cedhchiapas.org)

Nan moman w'ap pote plent sa yo, fòk ou gen enfòmasyon sa yo :

- **FDat ou te viktim lan**
- **Kote ou te viktim lan**
- **Si li posib, non pwofesyonèl la sante ki te refize ba ou swen an**
- **Dekri tout sa'k te pase yo.**
- **Si li posib, pote yon kopi dokiman medikal ke'w genyen**

Moun ki viktim vyolans obstetrik yo genyen yon **lane devan yo pou yo pote plent devan Komisyon Dwa Moun yo**. Si ta gen plis pase yon lane ki pase epi sante ou kontinye afekte akòz vyolans obstetrik ke ou te viktim yo, tankou (si

pandan akouchman ou te fè pre-eklanmsi ki lakoz kèk nan ògàn yo andomaje ou byen li fè ou vin fè tansyon) kidonk nan ka sa ou ka toujou pote plent nan yonn nan Komisyon yo. Nan ka sa yo pap sèlman teni kont de delè 1 nan, sinon ke jiska lè ou santi ou byen an.

- Ou ka ale tou nan **Distrito Sanitario VII Tapachula**, li ofri sèvis tankou oryantasyon medikal ak jiridik pou agresyon ak vyolans ki fèt sou fanm.

**Adrès li:** Carretera Antiguo Aeropuerto san nimewo col. Los Cerritos

**Tel:** 962 6250075 ak 9626286886

**Orè:** soti lendi rive vandredi de 8 tè dimaten jiska 8 tè diswa.

### **Pou kounyea la mwen ap viktim vyolans obstetrik e sante mwen ak vi mwen an danje**

Yon manb nan fanmi ou ka prezante yon manda Anmpawo (AMPARO) nan nenpòt ki jou ak nenpòt ki lè tankou jan sa prevwa nan atik 20 nan lwa anmpawo an, li ka prezante devan nenpòt ki tribinal distrito ki depann de pouvwa jidisyè federal lan. Anmpawo an son jijman kote nenpòt moun ka solisite swa yon jij gason oubyen yon jij fanm federal pou pase lòd a otorite la sante yo pou yo pa rann vilnerab dwa zimen yo. Pou fè pwosesis anmpawo an li trèzenpòtan pou ou mansyone ke

la vi ou an danje. Lè sa jij lan ap gen pou li solisite enfòmasyon nan men enstitisyon la sante kote w'ap pran swen an sou eta sante ou ak kalte swen ke ou ap resevwa an. Li ka mande tou pou yo ba ou swen la sante ke w'ap bezwen pou ou kapab byen.

### **Tribinal Distrito yo gen 2 adrès nan vil Tapachula:**

3<sup>a</sup> calle Oriente núm. 23,  
esquina 3<sup>a</sup> avenida Norte,  
col. Centro, Tapachula,  
Chiapas, C.P. 30700

Predio Huerto Santa Isabel,  
Carretera a Cantón Murillo  
núm. Km 0 450, col.  
Innominada, Tapachula,  
Chiapas, C.P. 30785

Mekanism jiridik yo ke ou ka itilize nan sa ki gen pou wè ak vyolans obstetrik yo, se pa tout lè yo reponn ak bezwen yo, sitou nan pwosesis ke chak fanm ta ka bezwen sitou nan sa ki gen pou wè ak fè pitit, se sa'k fè li konn enpòtan pou ou voye je gade lòt opsyon tou. Kèlkeswa ou ta deside kòmanse yon pwosesis jiridik ou non, si ou bezwen yon espas terapewoutik, w'ap jwenn akonpayman emosyonèl ak psikolojik.

Nan yon lòt bò, lè w pataje sa ou te viv yo, sa ka yon fason pou ou valide oubyen rekonsidere tout sa'k te pase yo. Nan sans sa, temwanyaj ou yo se yon mwayen pou ke lòt moun ki te viv menm sitiyaasyon avèk ou kapab rive konnen ou rekonèt sa yo rele vyolans obstetrik lan. Epi tou pou rive fè tout sosyete an konnen ke vyolans obstetrik lan se yon pwoblèm ki gen grav enpak sou la vi anpil fanm ak lòt moun ki gen kapasite pou fè pitit.

**Jan ou ka wè sa atravè dokiman sa, ou pa pou kont ou. GIRE ka ede w epi akonpanye ou nan pwosesis ke w'ap antreprann pou ou rive jwenn jistis.**

Si ou ta vle kominike dirèkteman avèk nou :



#### **GIRE**

[correo@giremx.org.mx](mailto:correo@giremx.org.mx) · [gire.org.mx/contactanos/](http://gire.org.mx/contactanos/)  
f GIRE – Grupo de Información en Reproducción Elegida  
t @GIRE\_mx i @gire\_mx



#### **IMUMI**

[contacto@imumi.org](mailto:contacto@imumi.org)  
f IMUMIAC t @IMUMIDF i @IMUMI\_MX  
Tel.: 55 9154 8990 y 55 9131 7512



Centro de Derechos Humanos  
Fray Matías de Córdova  
Defendiendo derechos tejemos caminos

### **Centro de Derechos Humanos Fray Matías de Córdova A.C.**

4<sup>a</sup> avenida Sur núm. 6, col. Centro

Tel.: 962 642 5098

Lendi pou rive vandredi de 9:00 vè pou 02:00 zè pm.





**Centro de Derechos Humanos  
Fray Matías de Córdoba**  
*Defendiendo derechos tejemos caminos*